

# Vaksen kont Grip ak COVID-19




**Yon enfeksyon grip oswa virus COVID-19 lakoz kapab grav epi li kapab voye moun al entène lopital oswa li kapab lakoz lanmò.**



Ou gen risk pou w gen konplikasyon si

- ou gen 60 lane oswa plis
- ou soufri yon maladi kwonik (pa egzanp, dyabèt oswa maladi kè)



## Poukisa pou w Pran Vaksen?

- Pou w evite konsekans grav tankou nemoni ak kayo san nan poumon, kè oswa janm ou (boul san ki fòme nan yon gwo venn)
- Pou w diminye nan kantite moun ki entène lopital oswa ki mouri
- Pou w pwoteje pwòch ou ak moun ki frajil ozalantou w yo
- Vaksinasyon se pi bon mwayen pou w pwoteje tèt ou kont grip ak COVID-19.

## Èske Ou Te Konnen?

**Li san danje ak efikas lè w pran vaksen kont grip ak COVID-19 an menm tan.**

- Li rekòmande pou w pran vaksen kont grip ak COVID-19 chak ane.



## Fason pou w Pran yon Randevou pou w Pran Vaksen



**clicsante.ca**

**1 877-644-4545**



**GRATIS**

Ou gen kesyon sou vaksinasyon?

Pale ak famasyen w oswa doktè w, oswa yon lòt pwofesyonèl sante

Pou w pale ak yon enfimyè, rele Info-Santé nan 811, opsyon 1.

**Centre intégré  
universitaire de santé  
et de services sociaux  
du Centre-Sud-  
de-l'Île-de-Montréal**

**Québec**

